

18 fevriye 2022

Chè fanmi,

Plan "Rete ansekirite, rete ouvri" nou an, gen siksè lè li pèmèt nou kenbe lekòl nou yo ouvri ak rete pami kote ki gen plis sekirite pou jèn yo ye pandan pandemi COVID-19 la. Pou kenbe kominote lekòl nou yo ansekirite apre vakans mwatye ivè a, nou ankouraje anpil tout elèv pou fè tès COVID-19 avan yo retounen lekòl 28 fevriye, kèlkeswa sitiyasyon vaksen yo. Pitit ou a ka teste pamwayen yon tès PCR, yon tès rapid laboratwa oswa yon kit tès adomisil. Pitit ou a ap pote lakay li de kit tès COVID-19 adomisil, ki ka nan yonn oswa de bwat.

Kilè pitit mwen an ta dwe fè tès yo?

- **Premye tès la 26 fevriye:** Tanpri ede pitit ou a fè yonn nan tès COVID nou bay yo Samdi 26 fevriye nan aswè.
- **Dezyèm tès la 27 fevriye:** Tanpri ede pitit ou a fè dezyèm tès la 24èdtan apre 27 fevriye nan aswè.
- Si pitit ou a teste negatif epi li santi li byen, li ta dwe vini lekòl Lendi 28 fevriye, si li santi l byen.
- Tanpri sonje, si pitit ou a geri apre yon ka COVID-19 ki konfime nan espas 90 jou pase yo, li pa bezwen fè yon tès epi li ta dwe ale lekòl Lendi 28 fevriye, si li santi l byen.

Kisa mwen ta dwe fè si pitit mwen an teste pozitif nan yonn nan tès yo?

- Elèv klas Kindergarten ak pi gran: Tanpri fè lekòl ou a konnen epi izole pitit ou a pou senk jou. Pitit ou a ka retounen lekòl sou sizyèm jou a si li pa gen sentom oswa si sentom li yo amelyore (paegzanp san lafyèv pou 24èdtan san pran medikaman) epi pitit ou a ka mete yon mas ki byen chita sou figi li pandan li lekòl la jiska dizyèm jou apre li te pozitif la.
- Elèv Pre-K ak pi piti: tanpri fè lekòl/pwogram ou a konnen epi izole pitit ou a pou dis jou. Pitit ou a ka retounen lekòl/nan pwogram lan apre dizyèm jou a.
- Pou tout laj:
 - o Tanpri sonje si pitit ou a teste pozitif, pitit ou a gen dwa pou l resevwa aprantisaj ki pa senkwonize ak orè biwo pou tout dire peryòd izòlman pitit ou a.
 - o Tanpri gade tablo gid COVID-19 nou an, ki disponib nan: schools.nyc.gov/2022Health, pou konnen lòt etap pou swiv si pitit ou a teste pozitif.

Ki kote mwen ka jwenn eksplikasyon sou kit tès la?

- Tout kit tès yo vini avèk eksplikasyon ki enprime sou yo ke ou sipoze suiv lè w ap fè tès la. Ou ka gade tou videyo ki nan divès lang sou kòman pou itilize kit tès ou a nan schools.nyc.gov/HomeRapidTestKits.

Mèsi poutèt ou jwe wòl pa w la pou elimine COVID-19 nan lekòl nou yo! Lè pitit ou a retounen lekòl apre vakans lan, tanpri asire w li ranpli fòm evalyasyon sante a chak jou, ki disponib nan healthscreening.schools.nyc.

Sonje, vaksinasyon se meyè zouti nou genyen pou konbat COVID-19 ak pou kenbe lekòl nou yo an sekirite pou tout elèv nou yo. Timoun ki gen laj 5 lane pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Si pitit ou a elijib men li poko vaksinen kont COVID-19, tanpri pwofite opòtinite a pandan vakans ivè a pou pran yon randevou pou l pran vaksen nan vaccinefinder.nyc.gov oswa rele 311 pou jwenn yon lokal ki bay vaksen bò lakay ou. Vaksen an gratis pou tout Nouyòkè, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa asirans yo.

Dòz ranfòsman vaksen yo (booster) disponib tou kounye a pou tout moun ki gen omwen laj 12 ane epi ki deja pran tout dòz yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dòz booster yo, gade www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19-vaccines.page#boost.

Mwen swete oumenm ak pitit ou a yon bon vakans an sante,



Dr. Cristina Meléndez
Direktris egzekitif
Angajman Fanmi ak Kominote